Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Шайн махкахь 20 шарахь ваьхна нохчо Оьрсийчу дIахьажийна Литван Iедалхоша

Мангал-бутт 24, 2026




Литван байракх. Гайтаман сурт

МухIажаран статус кхин дIа а йах ца йеш, оцу пачхьалкхехь цо 20 шо хан йаьккхинашехь Литван Iедалхоша Оьрсийчоьне дIавелла Нохчийчуьра вахархо. Цунна депортаци йарх хаийтина бакъонашларйархочо Дунаева Розас. Цо дицарехь, Беслан цIе йолу Нохчийчуьра вахархо ткъа шо хьалха махкарчу тIамах ведда веана вара Литва. Шен даймахкахьчул а алсам хан йаьккхина а вара иза Литвахь.

Нохчийчохь федералан эскархошна дуьхьал тIом бина ву Беслан, цуьнан гергарчех дуккха а нах хIаллакбина, ткъа дийна бисинчарна Iедал тIаьхьадаьлла хиларна, «дуьне ма-дду баьржина беха уьш», йаздина Дунаевас.

Беслана дIахьедина хиллера дукхазза, нагахь санна, ша Оьрсийчу йухаверзахь, шен дахарна боккха кхерам бу бохуш.

Тхан редакцино хьалха а йаздира кху гӀуллакххах лаьцна. Беслан лаьцнера чоьхьарчу гӀуллакхиний министралле шен кехатийн хан чекхйаларна, йуха кехаташ хӀиттон тӀевеанчу хенахь. Мича бахьанашца иза лецира, дуьйцуш дац. Дунаевас бахарехь, дечкен-баттахь Литван Іедалхоша дош деллера диаспорина, Нохчийчуьра бахархой Оьрсийчу шаьш дӀахьийсор бац аьлла.

- ХӀелсинкехь нохчийн диаспорин векалша пикет дӀайаьхьира мухӀажирийн а, мигрантийн а бакъонаш ййицаре йеш. Протестхоша кхайкхам бира Іедалшка, Нохчийчуьра а, ГӀалгӀайчуьра а Финляндехь тховкӀело лоьхучу нахана харц цӀераш ма кхоллахьара аьлла.
- Австрехь нохчийн диаспоран векалша митинг дӀайаьхьира Кремс гӀаларчу набахтена хьалха. Гулбеллачара тӀедожийра бозуш боцу, цӀена, эвсара талламаш дӀабахьар пачхьалкхерчу набахтешкахь нах баларан хьокъехь. Жигархоша иштта дӀахьедира Нохчийчуьра бахархошна депортацеш йан мегарг цахиларх, нагахь санна, царна даймахкахь кхерам лаьтташ белахь.
- Цул а хьалха Эстонин Іедалша махках ваьккхира, шайга тховкӀедо йоьхуш хилла Нохчийчуьра вахархо. Цунна тӀе ца битира адвокаташ, ца витира иза ша-шен бакъонаш Іалашйан а, бохура Дунаева Розас.

Радио Маршо - Instagram

Радио Маршо - YouTube

Радио Маршо - Facebook

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю